




Kijan pou w jwenn pèmisyon pou travay nan Minnesota

(How to Get Permission to Work in Minnesota)



Enfòmasyon sa a pale sou fason pou jwenn pèmisyon pou travay nan Minnesota. Yo Epitou rele sa aplike pou yon "otorizasyon travay." Fèy enfòmasyon sa a di ou:

- Ki moun ki ka travay legalman nan Minnesota
- Ki sa patwon yo gen dwa mande w sou sa
- Etap yo pou mande yon pèmi otorizasyon travay
- Konsèy pou ranpli fòm otorizasyon travay la

Pou li fèy enfòmasyon sa a nan lang angle: LawHelpMN.org



Fèy enfòmasyon sa a te devlope an kolaborasyon ak Immigrant Law Center of Minnesota, Mid-Minnesota Legal Aid, Southern Minnesota Regional Legal Services, The Advocates for Human Rights, ak Volunteer Lawyers Network. Li te sipòte pa finansman Depatman Sèvis Imen Eta Minnesota.

Ki moun ki ka travay

Èske mwen ka travay nan Minnesota?

Si ou pa yon sitwayen ameriken, ou bezwen pèmisyon nan men gouvènman an pou travay legalman pou yon biznis oswa pou yon lòt moun. Ou ka aplike pou “otorizasyon travay” lè w sèvi ak Fòm I-765. Si w ap travay san pèmisyon, sa ka andomaje ka imigrasyon w lan.



Èske mwen bezwen otorizasyon travay pou m kòmanse yon biznis?

Non. Ou pa bezwen otorizasyon travay oswa yon nimewo Sekirite Sosyal pou kòmanse yon biznis nan Minnesota. Men tou depan de kalite biznis la, ou ka bezwen aplike pou lisans espesyal pou sèvi manje oswa itilize sèten ekipman. Ou pa bezwen yon lisans pou w kòmanse tout biznis. Egzanp: Ou pa bezwen yon lisans pou w kòmanse yon biznis netwayaj.

Èske nenpòt moun ka aplike pou otorizasyon travay?

NON. Pou aplike pou otorizasyon travay, ou dwe:

- **Deja gen yon kalite estati.** Egzanp: ou ka aplike pou otorizasyon travay si ou se yon refijye oswa yo te akòde w azil. **OSWA**
- **Gen yon aplikasyon annatant.** Egzanp: ou ka aplike pou otorizasyon travay si w gen yon aplikasyon azil oswa kat residans ki annatant.

Èske patwon mwen an ka mande pou wè prèv mwen gen dwa travay?

Wi. Anplwayè yo kapab sèlman anboche moun ki gen pèmisyon pou yo travay. Lalwa di patwon yo dwe tcheke idantite ak kalifikasyon pou travay chak moun yo vle anboche. Sa a aplike a tout moun, pa sèlman imigran. Travayè yo dwe ranpli yon Fòm I-9 pou konfime idantite yo e yo gen dwa travay.


Ki dokiman patwon mwen an pral mande pou li wè?

Anplwayè yo mande tout travayè yo pou yo ranpli yon Fòm I-9 nan 3 jou apre yo kòmanse yon travay. Ou dwe montre dokiman pou pwouve ki moun ou ye. Ou dwe montre dokiman ki pwouve ou gen pèmisyon pou travay. Fòm I-9 la gen yon lis dokiman ki ka itilize pou pwouve idantite w ak elijiblite w pou travay.

Kisa mwen ta dwe fè si patwon mwen mande m ranpli yon Fòm I-9?

Si yon anplwayè mande w ranpli yon Fòm I-9, ou dwe fè li.

- PA di ou se yon sitwayen ameriken si ou pa sitwayen.
- PA sèvi ak yon fo non, dokiman, oswa nimewo Sekirite Sosyal.
- PA itilize enfòmasyon yon lòt moun sou yon Fòm I-9. Sa ka anpeche w jwenn estati pèmanan nan peyi Etazini.
- Lè ou ranpli yon Fòm I-9, ou chwazi ki dokiman nan lis la pou montre. Patwon w lan pa ka mande w pou w montre 1 dokiman espesifik.



Egzanp: Fòm I-9 Daahir a

Daahir te ranpli yon Fòm I-9 pou novo travay li. Li te montre dokiman otorizasyon travay li pou pwouve ke li elijib pou travay. Patwon li te di li li pa ka sèvi ak dokiman sa a. Patwon an te di Daahir dwe montre yon kat residans si li vle travay. **Li ilegal pou yon patwon fè sa.** Daahir ta dwe pale ak yon avoka.

Èske patwon mwen an voye enfòmasyon mwen bay imigrasyon?

Non, men patwon ou dwe kenbe Fòm I-9 ou nan dosye a. Yo dwe montre li bay gouvènman an si gouvènman an mande yo wè li. Si patwon w lan sèvi ak E-Verify, yo pataje enfòmasyon sa a ak Depatman Sekirite Enteryè.

Kouman pou mwen renouvre otorizasyon travay mwen an?

Sèvi ak menm etap sa yo ou te aplike premye fwa oswa pou w renouvre aplikasyon w lan. Gade "Etap pou aplike" ak "Kijan pou ranpli fòm I-765" nan fèy enfòmasyon sa a pou jwenn èd. **Ou ta dwe aplike pou renouvre otorizasyon travay ou omwen 180 jou anvan li ekspire.** Pale ak yon avoka anvan ou renouvre otorizasyon travay ou si:

- Otorizasyon travay ou a deja ekspire.
- Otorizasyon travay aktyèl ou a ap ekspire nan mwens pase 180 jou.
- Ou te kondane pou nenpòt krim depi premye aplikasyon otorizasyon travay ou.

Etap pou aplike

Kouman pou mwen aplike pou otorizasyon travay?

Gen 4 etap pou aplike pou otorizasyon travay.

PREMYÈ ETAP




DEZYÈM ETAP



Ranpli Fòm I-765.

Ale sou uscis.gov/i-765 oswa eskane kòd QR la pou jwenn dènye edisyon fòm lan. **Ou dwe ranpli edisyon ki pi resan nan fòm nan.** USCIS p ap aksepte aplikasyon w lan si w itilize yon ansyen vèsyon fòm lan. Edisyon fòm lan ekri nan kwen anba göch chak paj sou fòm nan. Egzanp: Li te kapab di, "Edisyon 28/08/24". Gen enstriksyon nan pati "Kijan pou ranpli fòm I-765" nan fèy enfòmasyon sa a.



Rasanble dokiman pou voye ak aplikasyon w lan.

Voye 5 bagay ak aplikasyon otorizasyon travay:

- Fòm I-765 ou fin ranpli.**
- Kopi de 1 dokiman ki pwouve idantite w.** Dokiman an dwe te soti nan men Etazini oswa gouvènman lòt peyi a. Si dokiman an pa an angle, li dwe tradui. Men kèk egzanp dokiman ki akseptab yo enkli:
 - Dokiman otorizasyon travay anvan si w ap renouvre aplikasyon w lan
 - Paspò ki montre foto w, non, ak dat nesans ou
 - Batistè si li gen foto w sou li. **OSWA** yon batistè **EPI** yon idantite foto
 - Visa ki soti nan yon konsila etranje
 - Dokiman idantite nasyonal ak foto ak/oswa anprint.
- Kopi 1 dokiman ki montre sitiyasyon imigrasyon ou / kalifikasyon ou pou travay.** Men kèk egzanp dokiman ki akseptab yo enkli:



TWAZIÈM ETAP



- I-94 Dosye Arive-Depa
- Desizyon yon jij imigrasyon
- Desizyon USCIS tankou azil oswa VAWA
- Avi resi ki montre aplikasyon annatant pou sekou

- De foto paspò ki idantik 2-pous pa 2-pous.** Ou ka pran foto paspò nan magazen tankou CVS, Wal-Mart, oswa Target.
- Frè OSWA yon aplikasyon pou egzansyon frè (SI obligatwa).** Ale sou [uscis.gov/feecalculator](https://www.uscis.gov/feecalculator) pou wè si ou oblige peye yon frè pou aplike. Se pa tout aplikasyon ki mande yon frè.
 - Si ou dwe yon frè, voye yon moni oda oswa chèk. Yon moni oda se pi bon fason pou peye.
- Si ou pa kapab peye frè a, aplike pou yon egzansyon frè. Sitwèb LawHelpMN a gen yon fèy enfòmasyon sou fason pou aplike pou yon egzansyon frè. Ale sou: lawhelpmn.org/self-help-library/fact-sheet/immigration-fee-waivers-0

Fè yon kopi aplikasyon w lan.

Fè yon kopi Fòm I-765 ou ak dokiman ou voye ak aplikasyon w lan. Sere yon kopi pou tèt ou.

KATRYÈM ETAP



Voye aplikasyon w lan bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS).

- Poste aplikasyon an nan adrès ki koresponn ak kategori elijiblite w la. Kategori elijibilite w nan kesyon 27 nan pati 2 Fòm I-765. Ale nan uscis.gov/i-765-addresses pou jwenn adrès postal la.
- Di Biwo Lapòs la ke ou bezwen swiv aplikasyon w lan lè w poste l. Achte suivi (tracking) nan biwo lapòs pou ou konnen ki lè aplikasyon w lan ap livre. Asire w ke w jwenn prèv oswa yon resi lè yo livre l.



Ou ka aplike pou otorizasyon travay sou Entènèt.

Si ou prefere, ou ka ranpli aplikasyon otorizasyon travay ou sou Entènèt. Aplikasyon an se menm jan ak si ou voye l pa lapòs. Ou dwe ranpli Fòm I-765 epi telechaje menm dokiman sipò yo. Eskane kòd QR la oswa ale nan: uscis.gov/i-765



Si w ranpli aplikasyon an sou Entènèt, ou dwe:

- Kreye yon kont sou sit entènèt USCIS la
- Konnen kategori imigrasyon ou anvan ou kòmanse.
- Konnen ki jan ou te antre nan peyi Etazini.
- Konnen sitiyasyon imigrasyon w kounye a
- Kapab eskane ak telechaje attachman yo
- Kapab enprime yon pati nan aplikasyon an. Si yon moun te ede w ranpli Fòm I-765, li dwe siyen yon deklarasyon.

Si ou pa gen yon òdinatè, ou ka jwenn yon kyòs legal gratis nan: legalkiosk.org/locations. Anpil bibliyotèk piblik gen òdinatè moun ka itilize gratis.

Kijan pou ranpli fòm I-765

Enfòmasyon jeneral

- Enstriksyon ki nan fèy enfòmasyon sa a baze sou “Edisyon 28/08/24” Fòm I-765. Gen plis enstriksyon nan uscis.gov/sites/default/files/document/forms/i-765instr.pdf
- Tape repons ou yo oswa ekri yo ak lank nwa.
- Pa sèvi ak yon fo non oswa ekri okenn fo enfòmasyon sou fòm nan.
- Si yon bagay sou fòm nan pa aplike pou ou, ekri, "N/A" (Pa aplikab) nan espas la.
- Si w bezwen plis espas pou yon repons, sèvi ak "Pati 6: Enfòmasyon adisyonèl."

Premye pati. Rezon pou aplike

Premye pati a gen 1 kesyon. Chwazi repons ki koresponn ak poukisa w ap aplike pou otorizasyon travay.

Chwazi 1 repons.

- Si w ap aplike pou premye fwa, make kare 1a.**
- Si w ap ranplase yon dokiman ki pèdi, make kare 1b.**
- Si w ap renouvre, make bwat 1c.**

Si ou make bwat 1b oswa bwat 1c
epi ou te kondane pou nenpòt krim depi premye fwa yo te ba ou pèmisyon pou travay, pale ak yon avoka anvan ou aplike.

Kijan kesyon sa a parèt sou fòm nan

Part 1. Reason for Applying

I am applying for (select only one box):

1.a. Initial permission to accept employment.

1.b. Replacement of lost, stolen, or damaged employment authorization document, or correction of my employment authorization document **NOT DUE** to U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS) error.

NOTE: Replacement (correction) of an employment authorization document due to USCIS error does not require a new Form I-765 and filing fee. Refer to **Replacement for Card Error** in the **What is the Filing Fee** section of the Form I-765 Instructions for further details.

1.c. Renewal of my permission to accept employment. (Attach a copy of your previous employment authorization document.)

Dezyèm pati. Enfòmasyon pèsonèl

Pati sa a gen 31 kesyon sou idantite w, kijan w te antre Ozetazini, ak sitiyasyon imigrasyon w kounye a. Fèy enfòmasyon sa a bay konsèy pou ranpli **kèk** nan kesyon ki pi difisil yo. Asire w ou li epi reponn **tout** kesyon ki nan Pati 2 Fòm I-765.

- **Kesyon 1a (Non fanmi).** Si w gen 2 non fanmi, ekri tou de siyati nan kare Non fanmi an.
- **Kesyon 9 (Nimewo kont USCIS).** Nimewo kont USCIS ou a diferan ak Nimewo A ou.
 - **Si w te depoze yon aplikasyon oswa yon petisyon lè w sèvi ak sistèm depoze sou entènèt USCIS la,** ou gen yon nimewo kont. Pou jwenn nimewo kont ou, konekte sou kont ou epi ale nan paj pwofil la.
 - **Si ou te ranpli aplikasyon oswa petisyon sou yon fòm papye atravè yon etablisman USCIS Lockbox,** ou gen yon nimewo kont. Li nan Avi Aksè w la.
 - **Si ou pa gen yon nimewo kont USCIS sou entènèt,** ekri "N/A" la.
- **Kesyon 11 (Eta civil).** Si yo pa rekonèt maryaj ou pa gouvènman an oswa sistèm legal kote ou te marye a, pa reponn "marye."
- **Kesyon 13a, 14, ak 15 (Nimewo sekirite sosyal).** Si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal, ou ka aplike pou youn ak fòm sa a. Si w vle yon nimewo sekirite sosyal, reponn "wi" nan kesyon 14 ak 15.



Kijan kesyon sa a parèt sou fòm nan

13.a. Has the Social Security Administration (SSA) ever officially issued a Social Security card to you?

Yes No

NOTE: If you answered "No" to **Item Number 13.a.**, skip to **Item Number 14.** If you answered "Yes" to **Item Number 13.a.**, provide the information requested in **Item Number 13.b.**

14. Do you want the SSA to issue you a Social Security card? (You must also answer "Yes" to **Item Number 15., Consent for Disclosure**, to receive a card.)

Yes No

NOTE: If you answered "No" to **Item Number 14.**, skip to **Part 2., Item Number 18.a.** If you answered "Yes" to **Item Number 14.**, you must also answer "Yes" to **Item Number 15.**

15. **Consent for Disclosure:** I authorize disclosure of information from this application to the SSA as required for the purpose of assigning me an SSN and issuing me a Social Security card.

Yes No

NOTE: If you answered "Yes" to **Item Numbers 14. - 15.**, provide the information requested in **Item Numbers 16.a. - 17.b.**

- **Kesyon 21a (Fòm 1-94 Nimewo dosye arive-depa).** Lè yo te admèt ou nan peyi Etazini, Customs and Border Protection (CBP) te ka ba ou yon Fòm I-94. Fòm sa a gen Nimewo dosye arive-depa ou. Pou jwenn yon kopi fòm I-94 ou.
 - **Si w te antre Ozetazini nan yon pò maritim oswa yon ayewopò apre 30 avril 2013,** ale sou: [cbp.gov/i94 OSWA](http://cbp.gov/i94)
 - **Depoze Fòm I-102** (Aplikasyon pou Dosye arive-depa non imigran ranplasman oswa inisyal). Jwenn Fòm I-102 nan: uscis.gov/i-102
- **Kesyon 21b (Nimewo paspò pi dènye yo ba w).** Si ou te itilize yon paspò oswa yon dokiman vwayaj pou vwayaje nan peyi Etazini, ekri nimewo sa a la. Si ou pa t vwayaje Ozetazini ak youn nan dokiman sa yo, ekri "N/A."



- **Kesyon 27 (Kategori kalifikasyon).** Sa a se kesyon ki pi enpòtan nan Fòm I-765. Si w ekri yon move kategori, yo pral refize aplikasyon w lan. Sèvi ak tablo ki anba a pou w chwazi kategori w la. **Si ou pa konnen kategori ou, pale ak yon avoka.**

 Kijan kesyon an parèt sou fòm nan

Information About Your Eligibility Category

27. **Eligibility Category.** Refer to the **Who May File Form I-765** section of the Form I-765 Instructions to determine the appropriate eligibility category for this application. Enter the appropriate letter and number for your eligibility category below (for example, (a)(8), (c)(17)(iii)).
 () () ()

Ou dwe deja genyen yon kalite estati imigrasyon OSWA yon aplikasyon imigrasyon annatant pou aplike pou otorizasyon travay. **PA aplike pou otorizasyon travay si okenn nan kategori yo koresponn ak estati w.**

Estatí imigrasyon Ki sa ki sèl repons nan sa yo ki dekri ou?	Kategori Ekri kòd 3 chif sa a sou kesyon 27.
Refijye	A03
Azile (Azil akòde)	A05
Kanpe sou depòtasyon	A10
T-1 ki pa imigran	A16
Manm fanmi T-1 ki pa imigran	C25
U-1 ki pa imigran	A19
Manm fanmi U-1 ki pa imigran	A20
Antant aplikasyon azil la	C08

Estatimigrasyon Ki sa ki sèl repons nan sa yo ki dekri ou?	Kategori Ekri kòd 3 chif sa a sou kesyon 27.
Antant aplikasyon residans	C09
Annatant anilasyon depòtasyon	C10
Moun ki gen libète pwovizwa nan enterè piblik	C11
Aksyon difere	C14
Lòd sipèvizon/CAT	C18
VAWA oto-petisyonè	C31
DACA. PA APLIKE AK FÒM I-765	C33

- **Kesyon 30 ((c)(8) Kategori kalifikasyon).** Reponn kesyon sa a si w gen yon aplikasyon azil ki annatant epi w reponn "CO8" pou kesyon 27. Si w pa gen yon aplikasyon azil ki annatant, pa reponn kesyon sa a.

Twazyèm pati. Deklarasyon aplikan an, kodone pou kontakte I, deklarasyon, sètifikasyon, ak siyati

Siyen deklarasyon an pou konfime sa ou te ekri sou fòm lan kòrèk. Ekri adrès ak nimewo telefòn kote USCIS ka kontakte w.

Katryèm pati. Enfòmasyon pou kontakte entèprèt la, sètifikasyon, ak siyati

Èske yon entèprèt te ede w ranpli fòm nan?

- **Si wi**, ekri non yo ak enfòmasyon pou kontakte li. Li dwe siyen fòm lan.
- **Si non**, sote kesyon sa yo.

Senkyèm pati. Enfòmasyon pou kontakte I, deklarasyon, ak siyati moun k ap prepare aplikasyon sa a, si li pa aplikan an

Yon "preparatè" se nenpòt moun ki te ede w ranpli fòm nan. Sa a ta ka yon manm fanmi, zanmi, oubyen yon avoka. Èske gen moun ki ede w ranpli fòm nan?

- **Si wi**, ekri non li ak enfòmasyon pou kontakte I. Yo dwe siyen fòm nan tou.
- **Si non**, sote kesyon sa yo.

Fèy Ransèyman yo se enfòmasyon legal PA konsèy legal. Kontakte yon avoka pou konsèy.

Pa sèvi ak fèy enfòmasyon sa a si dat li gen plis pase 1 an. Mande nou pou mizajou, yon lis fèy ransèyman, oswa lòt fòma.

© 2025 Minnesota Legal Services Coalition. Yo ka repwodui dokiman sa a epi itilize l pou rezon pèsonèl ak edikasyon ki pa komèsyal sèlman. Tout lòt dwa rezève. Avi sa a dwe ekri sou tout kopi yo. Repwodiksyon, distribisyon, ak itilizasyon pou rezon komèsyal yo entèdi.